



## Enstriksyon pou Pasyan COVID-19 yo Aprè Tès pou Kliyan Walgreens yo

### KI SA M DWE FÈ PANDAN M AP TANN REZILTA MWEN AN?

#### Pou moun sa ki gen sentòm yo:

- Rete yon kote poukont ou nan kay ou. Si w ap viv ak lòt moun, izole pwòp tèt ou nan yon chanm prive, epi sèvi ak yon twalèt prive, si sa posib. Evite kontak avèk lòt moun otank posib.
- Mete yon mask lè w antre nan yon zòn kote divès lòt moun ap viv.
- Tout lòt moun k ap viv nan menm kay ak ou ta dwe rete la kay tou.
- Fè yon lis non moun ki te an kontak pwòch ak ou de jou anvan ou te vin malad rive nan jou kote ou kòmanse izole pwòp tèt ou an. Kontak pwòch yo vle di moun ki te a mwens 6 pye distans de ou pandan 15 minit oswa plis.
- Si w devlope pipilis sentòm, oswa si sentòm ou vin pi mal, fè doktè w lan konnen sa imedyatman pou l ka ba ou plis enstriksyon.

#### Pou moun sa yo ki pa gen okenn sentòm yo:

- Si w konnen ou te **reyèlman ekspoze a viris lan** nan yon ka ki konfime, plase tèt ou an karantèn jiska 14 jou aprè ou te ekspoze an, **kèlkeswa rezilta a**. Si w ap viv ak lòt moun, izole pwòp tèt ou nan yon chanm prive, epi sèvi ak yon twalèt prive, si sa posib.
- Evite kontak avèk lòt moun otank posib.
- Kontinye rete omwen 6 pye de lòt moun, lave men w yo souvan, epi mete yon kouvèti sou figi w pandan w an piblik oswa lè ou pa kapab aplike distans sosyal lan nan kay lan.
- Si ou devlope sentòm, avize doktè w lan imedyatman pou pipilis enstriksyon.
- Si ou pa t gen okenn ekspozisyon ak lòt moun ou konnen ki malad, ou pap bezwen plase tèt ou an karantèn. Ou dwe kontinye mete yon kouvèti sou figi w epi pratike distans sosyal lè w an piblik.

### KISA M DWE FÈ SI REZILTA TÈS MWEN AN POZITIF?

- Voye mesaj bay moun ki te an kontak ak ou yo, di yo ke yo dwe plase pwòp tèt yo an karantèn lakay yo pandan 14 jou, kòmanse ak jou lè yo te kontak ak ou an. Pwosesis sa a gen manm fanmi w yo ak tout lòt moun k ap viv nan menm kay ak ou.
- Si w pat gen **okenn sentòm** anvan w te fè tès lan, epi ou pa devlope yo aprè tès la, w ap genyen pou w izole pwòp tèt ou nan kay ou pandan **10 jou**.
- Si ou te gen **sentòm yo** anvan tès la, izole pwòp tèt ou nan kay ou jiskaske ou satisfè chak pami kondisyon sa yo:
  1. Sa genyen **omwen dis** jou depi sentòm ou yo te fèk parèt **EPI**
  2. Sa genyen omwen 24 èdtan depi ou pa t gen lafyèv (san w pa t itilize medikaman pou w te kalme lafyèv lan) epi gen amelyorasyon nan sentòm respiratwa w yo (tankou pa egzanp, ou pa gen tous, souf kout).
- Kontinye siveye pwòp tèt pa w pou sentòm pandan katòz jou kòmanse ak dènye jou lè w te gen sentòm yo.
- Si sentòm ou yo vin pi mal oswa si w bezwen entènè nan lopital, avize doktè w lan imedyatman epi swiv enstriksyon yo konsènan mask ou dwe mete lè w rive nan etablisman an.



### KISA POU M FÈ SI REZILTA TÈS MWEN AN NEGATIF?

- Si rezilta tè s ou an negatif, epi ou konnen ou te **reyèlman ekspoze** nan yon ka ki konfime, oswa yo te otremman ba w enstriksyon pou rete nan karantèn, ou dwe plase tèt ou an karantèn jiska 14 jou aprè ou te ekspoze.
- Si tè s ou an negatif epi ou pa konnen **ou te janm te ekspoze** a yon ka ki konfime epi ou **asenptomatik** (ki vle di ou pa gen sentòm), ou kapab retire pwòp tèt ou nan karantèn lan. Kontinye pratike distans sosyal lan, epi mete mask pou kouvri figi w, nan kote sa apwopriye. Yon tè s negatif pa pwoteje kont enfeksyon alavni epi li pa elimine bezwen pou itilize mezi pou prevansyon.
- Si tè s ou an negatif epi ou **ou pa konnen ou te janm ekspoze** a yon ka ki konfime, men ou **senptomatik**, kapab byen genyen yon lòt mikwòb respiratwa k ap sikile nan kominote a. Evite al travay ak patisipe nan gwoup jouk 24 èdtan aprè ou vin pa gen lafyè v ankò (san w pa t itilize medikaman ki pou kalme lafyè v la) epi aktivite respirasyon w yo amelyore.

### KIJAN POU M FÈ JWENN REZILTA MWEN YO?

- Si ou bay yon adrès imèl, ou pral resevwa yon imèl nan men LabWare nan lesplas 3-5 jou ak enstriksyon sou ki jan pou gen aksè ak rezilta tè s ou yo.
- Ou kapab jwenn aksè ak pwòp rezilta w yo lè yo vin disponib nan Health Check Connect, ke Delaware Health Information Network lan otorize. (DHIN). Enskri nan <https://mydhinphr.com> epi swiv enstriksyon yo te ba ou yo sou sit tè s la.
  - *Tanpri itilize opsyon sa a si ou bezwen yon kopi enprime sou rezilta tè s ou yo.*
  - Founisè swen sante regilye w la ka anmezi tou pou jwenn aksè ak rezilta tè s yo atravè DHIN.
  - Ou **PA** pral kapab jwenn aksè nan rezilta pou timoun minè atravè DHIN lan.
- Si ou pa resevwa rezilta tè s ou yo nan 5 jou, rele Divizyon Sante Piblik lan nan 1-866-408-1899 oswa voye yon imèl nan [DPHCall@delaware.gov](mailto:DPHCall@delaware.gov). Mete ladann dat nesans ou, dat tè s lan, ak nan ki lokal ou t al fè tè s la a chak fwa ou kontakte DPH.
- Tanpri PA RELE anvan 5 jou — y ap pran kontak ak ou pou ba w rezilta w yo osito yo disponib.
- **PA RELE FAMASI AN POU W MANDE L REZILTA TÈS OU YO. ANPLWAYE NAN FAMASI A PA PRAL GENYEN OKENN LÒT ENFÒMASYON ANPLIS POU OU. SE SÈLMAN DIVISYON SANTE PIBLIK LA KI RESPONSAB POU PWOSIS TÈS KI PATWONE NAN ETA A AK MENTNI REZILTA YO KI NAN SIT TÈS WALGREENS NAN.**

### RESOUS POU PLIS ENFÒMASYON.

- Pou plis enfòmasyon, ale nan: [de.gov/coronavirus](https://de.gov/coronavirus)
- Genyen èd ki disponib. Pran kontak ak [Delaware 211](https://delaware211.org) pou w fè sa, rele 2-1-1 oswa voye yon tèks ak kòd postal ou nan 898-211.